ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ ТӘЛИМ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ ЎӘЗИРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

ИНФОРМАТИКА ҲӘМ ХАБАР ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫ КАФЕДРАСЫ

А. Абдуллаев, Ж. Жугинисова, З. Ильясова,
Б. Қаллиева, М.Алламбергенова

# ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР

(Информатика ҳәм информациялық технологиялары пәнин
өз бетинше үйрениўшилер ушын методикалық қолланба)




НӨКИС- 2007

**А. Абдуллаев, Ж. Жугинисова, З. Ильясова, Б. Қаллиева, М.Алламбергенова.** Педагогикалық технологиялар (Информатика ҳәм информациялық технологиялары пәнин өз бетинше үйрениўшилер ушын методикалық қолланба) Нөкис-2007ж. 28-бет.

Методикалық қолланба жаңа педагогикалық технологиялар темасында жәрияланған материаллар тийкарында жазылды. Авторлар айырым машқалалар бойынша өз пикирлерин билдирген. Талабаның өз бетинше ислеўи , критикалық ойлаў стратегиясы, жаңа педагогик технологияның Информатика ҳәм информацилық технологиялары пәнин оқытыўда қәлиплесиўи, критикалық пикирлеў жүргизиўде тәжирийбеден пайдаланыў машқалалары сыпатлап берилген. Қолланба бойынша барлық пикир ҳәм критикалық көрсетпелерди авторлар миннетдаршылық пенен қабыл етеди.

Методикалық қолланба Информатика ҳәм информациялық технологиялары пәнин оқытыўда пайдаланылған материаллар тийкарында таярланды.

Методикалық қолланба НМПИ илимий ҳәм оқыў-методикалық Кеңеси тәрепинен баспаға усынылды.

Сын бериўшилер:

Педагогика илимлеринин кандидаты, доцент А. Пазылов

Техника илимлеринин кандидаты, доцент М. Касымов

# Кирисиў

Өзбекстанда тәлим системасы жаслардың билимли болыўына, келешекте олардың сапалы кадрлар болып жетилисиўине үлкен дыққат аўдармақта.

Жасларға билим берип атырған профессор-оқытыўшылардан “Тәлим ҳаққындағы„ нызам ҳәм “Кадрлар таярлаў миллий дәстүри„ талабларын толық орынлаўы ҳәм оны әмелге асырыў ушын барлық имканиятлардан пайдаланыўы талап етиледи. Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов “Тек ғана шын маърифатли адам инсан қәдирин, миллий қәдириятларды, бир сөз бенен айтқанда өзлигин аңлаў, еркин ҳәм азат жәмийетте жасаў, ғәрезсиз мәмлекетимиздиң пүткил дүньяда өзине мүнәсип абыройлы орын ийелеў ушын пидайылық пенен гүресиў мүмкин„ деп, шахсқа маърифаттың, илимниң ролине жоқары баҳа береди. И.А.Каримов маърифатли шахстың тек билимлер системасын ийелеў менен шекленбей, пикирлеўге үйрениўи, ойлаў дәрежесиниң өскен болыўы зәрүрлигин айырықша айтып өтти. И.А.Каримов “Демократиялық жәмийетте балалар, улыўма ҳәр бир инсан еркин пикирлейтуғын етип тәрбияланады. Егер балалар еркин пикирлеўди үйренбесе, берилген тәлим сапасы төмен болыўы мәлим. Әлбетте, билим керек. Бирақ билим өз жолына. Еркин пикирлеў де үлкен байлық„ деп көрсетеди.

«Информатика ҳәм хабар технологиялары» кафедрасында өтилетуғын барлық пәнлер курсында талабалар, оқыў даўамында кадрлар таярлаў бойынша мәмлекет сиясатын, усы тараўда Өзбекстан Президенти илгери сүрген пикирлерди тийкарлы үйрениўди, өз қәнийгелигине байланыслы жаңалықларды, жаңа информациялық технологияларын, жаңа педагогикалық технология теориясы ҳәм әмелиятын, компьютер илимлерин өзлестириўге ҳәрекет етиўлери зәрүр. «Информатика ҳәм хабар технологиялары» кафедрасы талабаларға лекция ҳәм әмелий шынығыўларда усы тараўдағы билимлерди жеткизиўге ҳәрекет етеди. Талабалардың бул тараўдағы активлиги жетискенликтиң тийкары болып есапланады. Кафедра ағзалары талабаларға санап өтилген тараўларға тийисли әдебиятларды усынады ҳәм зәрүр мәслаҳатларды берип барады.

Компьютер илимине ҳәм жаңа педагогикалық технология теориясы ҳәм әмелиятына тийисли билимлерди үйрениў ҳәзирги күнниң талабы есапланады. Бул қолланба усы тараўдағы дәслепки урыныў болып есапланады.

## 1. Билим алыўда өз бетинше ислеў технологиясы

Талаба өз бетинше ислеў көникпесин ийелемесе, заман талап ететуғын қәнийге болып жетисе алмайды. Себеби талабаның оқыў жыллары даўамында алған билимлериниң көп бөлими, ол ислеп баслаған ўақытта ескирген (гөнерген) болып есапланады. Көп ғана билимлер, талаба оқыў тамамлағанша талаба тәрепинен умытылады. Информация жедел кеңейип баратырған ҳәзирги дәўирде өз бетинше билимди алыў ҳәр бир қәнийге ушын зәрүр. Турмыс талабы менен қәнийге кейиншелик мәлим салаларды қосымша үйрениўге мәжбүр болыўы мүмкин. Айтылғанлардың барлығы талаба ушын өз бетинше билим алыўға үйрениў зәрүрлигин көрсетеди.

Талаба мектепте оқыў дәўиринде, оқыўға кириў ушын таярланып атырған ўақытлардан баслап-ақ өз бетинше оқыўға мәжбүр болады. Лекин бул талапты барлық оқыўшылар пуқта өзлестире алмайды. Жоқарғы (орта арнаўлы) оқыў орынларында өз бетинше еркин ислерге жүдә үлкен итибар бериледи. Себеби оқыў өз бетинше билим алыў дәрежесине көтерилсе, талабаның қәнийге сыпатында өсип шығыўына тийкар жаратылады.

Өз бетинше еркин  оқыў ҳәм билим алыў оқытыўшының  тиккелей басшылығынан бөлек болған ҳалда, талаба тәрепинен белгили билимлер системасын жеделлик (активлик) көрсетип өзлестириўине байланыслыболады.  Өз бетинше еркин оқыў талабаның тек оқытыўшы тәрепинен берилген билимлер көлеми менен шекленип қалмастан, үйренилип атырған салаға тийисли қосымша билимлерди өзлестириўин талап етеди. Оқытыўшының аудиториядағы сабағы көбинше орташа талаба имканиятына сәйкесленген болады. Тек тәжирейбели, өз исине жуўапкерлик пенен қарайтуғын оқытыўшылар ғана күшли талабаларға мөлшерленген материалларды усыныс етеди.

Талаба өз бетинше ислеў ушын үйренилип атырған ҳәр бир пәнниң өзи ийелеп атырған қәнийгеликте тутқан орынын анық билиўи, оқыў дәстүри талабаны, үйрениў усыныс етилген тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятлар менен ислеўге ийтермелеўи керек.

Ҳәзирги күнде талаба менен шынығыў өткизгенде олардың өз бетинше ислеўин шөлкемлестириў талап етилмекте. Бул сабақтың тийкарғы бөлиминде ҳәм сабақты жуўмақлағанда түсиндириў жолы менен әмелге асырылады. Егер талаба сабақ даўамында дыққат қылмаса, оқытыўшы тапсырмаларды орынлаўға бийпарық қараса жақсы нәтийжеге ерисип болмайды.

Өз бетинше ислеўдиң төмендеги түрлери көрсетилген:

1. Сабақ өтилгеннен соң орынланатуғын өз бетинше ислер. Үй ўазыйпасын орынлағанда сабақлық пенен ислеў, конспекттен пайдаланыў көринисинде болыўы мүмкин.
2. Үлгили тапсырмаларды шешиў. Бунда талаба алдын-ала билимлерин қайта тиклейди ҳәм бир бөлегин қайта өзгертирип анық тапсырмаларды орынлаўда қоллайды. Бул лабораториялық ҳәм әмелий ислерде анык көринеди.
3. Үйренилген билимлерди үлгили болмаған шәраятта қоллаў. Талаба алдын-ала үйренген билимлери тийкарында жаңа, алдынғыдан өзгерген жағдайда пайдаланады. Бул жағдайларда белгили улыўмалық болыўы да мүмкин.

4. Дөретиўшилик искерликке тийкар жаратыў. Бунда талаба үйренилип атырған саланың әҳимийетин түсинеди, оның жаңа қатнас ҳәм байланысларын анықлайды, идеялар ҳәм түсиниклерди жаңа жағдайға байланыстырады. Бунда дөретиўшилик излениў пайда болады.

Талабаның өз бетинше ислери семинар ҳәм әмелий ислерин өткизгенде, лаборатория ҳәм курс, питкериў қәнигелик жумысларын орынлағанда, ислеп шығарыў әмелиятында орынлайды.

Өз бетинше ислеўдиң барлық түри талабада дөретиўшилик ислеў көнликпесин пайда етиўге қаратылған.

Ҳәр қандай дөретиўшилик ис машқаланы анықлаўдан, машқаланы илмий-теориялық, әмелий тәреплерин үйрениўден басланады. Талаба бул басқышта әдебиятларды үйрениўге, олардың тийисли бөлимлерин талқылаўға ҳәрекет қылады. Талаба анық бир темаға тийисли бир неше әдебиятты үйренсе, онда жаңа пикир ҳәм идеялар пайда болады. Буның ушын әдебиятты терең үйрениў, критикалык талқы жасаў талабада пайда болыўы керек. Ҳәр қандай ойлап табылған исте критикалық пикирлей алыў уқыплылығыүйрениледи. Ҳәр бир курс иси, питкериў қәнигелик ислери, талабалардың илимий жәмийеттеги искерлиги сол талапларға жуўап бериўи керек. Талабаны систематикалық ҳәм тематикалық каталоглардан пайдаланыўға, китаптын мазмуны ҳәм аннотациясын үйрениўге, цитаталарды туўры алыўға ҳәм пайдаланыўға үйретиў талап етиледи. Талабаға дөретиўшилик ислеў техникасы үйретилмесе, ол мәлим темаға тийисли материалларды түрли дереклерден көшириў менен шекленип қалыўы мүмкин.

Дөретиўшилик истиң тийкарғы мәқсети - талабаны илмий излениўге үйретиў ҳәм өзиниң ой-пикирлерине тийкарланып баян етиў ҳәм мәлим бир идеяларды әмелде қолланыўға үйретиўден ибарат. Ҳәзирги күнде талабаны ҳәр бир илимпаз өз дөретиўшилик лабораториясына алып кириўи, биргеликте ислеў дәрежесине көтериўи керек.

Талабалар менен анық бир машқалаларды биргеликте шешип, бунда талабаның пикирине қулақ салыў зәрүр. Ҳәзирги күнде илмий дәрежеси жоқары болған, шет ел тиллерин ийелеген, Интернет системасынан пайдаланып билетуғын талабалар көплеп ушыраспақта. Оларды өз бетинше ислеўге, әсиресе, дөретиўшилик иске үйретиў заман талабы. Жаңа педагогик технология тәлим процесинде өз бетинше ислеўге үйрениўди ҳәм өзлигинше тәлим процесиниң тийкарын шөлкемлестириўди талап етеди.

## 2. Оқыўшыларды пикирлеўге үйретиў

Оқыўшылар сабақтың соңында төмендеги билим ҳәм түсиниклерге ийе болады:

-пикирлеўдиң мазмунын ҳәм киритикалық пикирлеўди түсинеди;

-критикалық пикирлеў тийкарында пикирди тийкарлаў, анық фактлар менен тастыйықлаў зәрүрлигин билип алады;

-критикалық пикирлеўге үйретиўши ис түрлери ҳаққында түсиникке ийе болады.

Педагогикалық технологияда тийкарғы мақсет ҳәр бир сабақта анық тапсырма көринисинде берилген материалды өзлестириўге ерисиў есапланады. Ҳәр бир

оқытыўшы өз сабағына оқыў программасына тийкарланған ҳалда оқыўшылар ийелеўи зәрүр болған билимлер көлемин анық белгилейди.

Педагогикалық технологияда билимлерди өзлестириўде оқыўшының актив ислеўи ҳәм пикирлеў зәрүрли элемент есапланады. Жаңа педагогикалық технологияда оқыўшыларды критикалық пикирлеўге, ойлаўға үйретиў талап етиледи. Критикалық пикирлеў дегенде үйренилип атырған билимниң түрли тәреплери ҳаққында ойласық жүргизиў нәзерде тутылады. Критикалық пикирлеўди ойласықлы пикирлеў деп атаўда мүмкин.

Критикалық пикирлеў мағлыўматты ҳеш қандай ойласық жүргизбей пассив қабыл етип алыўға қарама-қарсы қойылады.

Тәлим барысында оқыўшы үйренип атырған материалды анализ ҳәм синтез қылыў, салыстырыў, улыўмаластырыў, абстракциялаў, қарар ҳәм жуўмақ шығарыў сыяқлы пикир жүритиў әмеллерин билиў керек. Санап өтилген пикир жүритиў тараўлары логика пәниниң машқалалары болып есапланады. Ҳәзирги ўақытта логика пәни итибардан шетте қалған. Соның ушын пикир жүритиў әмеллерин ҳәр бир пән оқытыўшысы талабаларға түсиндириў керек.

Критикалық пикирлер қәлиплесиўи ушын талаба өзи үйренип атырған тараўын терең ийелеўи, көп оқыўы, билим топлаўы зәрүр. Критикалық пикирлеў ойлаўдың жоқары дәрежеде қәлиплесиўин аңлатады.

Тәлим барысы талабаның өз бетинше пикирлеў дәрежесине көтерилгенде ғана сыпатлы болады. Тәлим технологиясының тийкарғы мақсети ҳәм мазмуны критикалық пикирлеўди өсириў, пикирлеўге үйретиў. Себеби тек өз бетинше оқып, пикирлеп өзлестирилген билим беккем болады ҳәм билим ийеси оны түрли жағдайларда қолланыўы мүмкин.

Критикалық пикирлеў билим алыўдың барлық басқышларында әмелге асырылады. Әсиресе, машқалалы-излениўшилик басқышында критикалық пикирлеўге тийкарланады. Бул басқышта талабаның өзлигине кең жол бериледи ҳәм ол тәлим барысында өз излениўшеңлиги тийкарында жаңа билимлерди үйренеди. Бул «Жаңалық арқалы билим» деп жүритиледи. Бул технологиялық тәрептен төмендегише әмелге асырылады:

- талаба ушын әҳмийетли болған машқаланы жаратыў;
- үйренилип атырған темада (объектте) қарама-қарсылықты анықлаў ҳәм талабаға түсиндириў;
- усы машқаладан келип шығатуғын дөретиўшилик нәтийжени анықлап бериў.

Талаба билимди өзлестириў менен бирге, оны өзиниң дөретиўшилик жаңалығы сыпатында көз алдына келтириўи мүмкин.

Критикалық пикирлеўге қаратылған тәлим классик усылдан түптен өзгеше болады. Себеби классик усылда тек оқытыўшы информация дереги болып қалыўы, талабаға билим бериўде оның қызығыўын, билимге көз-қарасын ҳәм талаба ийелеген билимди есапқа алмаслық ҳәзирги күнде тәлимдеги қыйыншылықты келтирип шығармақта. Дидактикадағы тийкарғы машқалалардан бири тәлимде талабаның жетиклик дәрежесин есапқа алып ислеў болып табылады.

Классик тәлимде сабақ өтилгенде оқыўшыларға мағлыўмат бериў ҳәм оны беккемлеў тийкарғы ўазыйпа есапланған. Жаңа педагогикалық технологияда билим бериўге, усы билимге оқыўшыларды қызықтырыўға, жаңа билимди билиўи алдынғы билимлерге, өмир тәжирийбесине байланыстырыўға итибар қаратылмақта. Оқыўшыда жаңа информацияға қызығыў ҳәм күтиў пайда болыўы керек.

Критикалық пикирлеў стратегиясы тәлимде төмендеги үш басқыш бар болыўын усыныс етеди.

- шақырық; - аңлаў; - пикирлеў.

**Шақырық** басқышында талабаға тема баян етиледи ҳәм усы тараўдағы оның билимлери анықланады. Айырым таяныш түсиниклерге түсиндирме бериледи. Белгили информация, қағыйдалар еслетиледи. Теманы үйрениў тийкарында қандай нәтийжеге ерисиў мәлим етиледи. Шақырық басқышында тема ушын «ақылый ҳүжим» өткизилиўи, тема бойынша дәслеп ийелеген билимлер қысқа тәкирарланыўы, сораў-жуўап өткизилиўи, кластер дүзилиўи мүмкин. Шақырық басқышында талаба усы тараўда өзиниң билими жетерли емеслигин түсиниўи де пайдалы. Себеби усы тийкарда талабада актив ҳәрекет келип шығыўы мүмкин. Шақырық басқышында талаба билимин анықлаў имканиятын беретуғын тестлерден, билимлерди есапқа алыў бетлеринен пайдаланыў мүмкин.

**Аңлаў** басқышында үйренилетуғын материал үстинде актив алып барылады. Талабаларда билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелер пайда болады. Талабалар менен жеке, жуплықлардағы ҳәм топардағы жумыслар әмелге асырылады. Талабаларға анық ўазыйпалар бериледи. Олар актив ислеп, мақсетке ерисиўлери керек. Аңлаў басқышында лекция, сәўбет, түсиндириў тийкарында өз бетинше оқыў, жуплықлар ҳәм киши группаларда ислеў, жылыстырылған лекция, жумысларды өз-ара талқылаў, жазба жумыслар өткериў, гүрриңлесиў, конференция ҳәм басқа усыллардан пайдаланылады.

**Пикирлеў** басқышында ерисилген нәтийже алдынғы билимлер менен салыстырылады. Жаңа өзлестирилген билим аңлатылады. Оқыўшы оқыў нәтийжесинде ерискен дәрежеси баҳаланады. Үйренилген оқыў метериалы улыўмаластырылады ҳәм жазба жумыс, сызылма, жуўмақлаўшы пикир ҳәм басқа көринисте анықланады. Бул басқышта талаба тәлим барысында қойылған мақсетке ерисиўи керек. Жобаластырыўда қойылған ўазыйпа әмелге асырылады.

Тәлим барысы шақырыў, аңлаў ҳәм пикирлеў басқышларға тийкарланып өтилсе, талабаның жоқары дәрежеде активлиги тәмийинленеди. Оқытыўшы келисимли ойлаўға тийкарланып сабақ өтиўде талаба тәрепинен белгили билимлер системасын өзлестириўге ерисиў менен бирге, билимлерди өзлестириў барысында талабаның өз бетинше ислеўине итибарды қаратыўы керек. Талаба сабақ барысында өзинше билим алыў көнликпесин өзлестирсе, келешекте өз-бетинше ислеў қәбилетине ийе болады.

Келисимли ойлаў ҳәр бир басқышының өзине тән қәсийетлери бар. Биринши басқыш шақырықта талабалардың жаңа билимди өзлестириўге тийкар болатуғын алдынғы билимлерди анықлаўға итибар қаратылады. Себеби алдын бар болған, жаңа билимге тийкар болатуғын дереклер пайда болса, билим беккем болады.

Шақырыў басқышының екинши ўазыйпасы талабаларды активлестириў. Талаба жазба ямаса аўыз-еки түрде алдыңғы алған билимлерин баян етеди ҳәм машқалалар бойынша пикир жүритеди. Ол жаңа билимди өзлестириўге тийкар болып қалады.

Шақырыў басқышындағы үшинши мақсет үйренилип атырған анық темаға қызығыў қәлиплеседи, оны үйрениў мотиви келип шығады. Теманы үйрениўге қызықтырыў, тәлимдеги мақсетлерди талабаның жеке мақсетине айландырыў талабаны ҳәрекетке келтириўши ең жақсы стимул есапланады. Зорлап берилген мақсет талабаны активлестирмейди.

Аңлаў басқышында жаңа информация, шақырыў басқышында ядта активлестирилген билимлер менен байланысады. Бул басқыштың тийкарғы мақсети жаңа оқыў материалын түсиниўди тәмийинлеў болып табылады. Талаба өзиниң материалды түсиниўи қандай өтип атырғанын бақлаўы керек. Талабаның өзинде пайда болып атырған ишки субъектив психикалық барыс ҳәм жағдайларды сәўлелендириўи рефлекция деп жүритиледи.

Пикирлеў басқышында үйренилип атырған тараў алдынғы билимлерге байланысады ҳәм жаңа информациялар тийкарында жуўмақларға келинеди. Оқыўшы алдынғы билимлерине қарағанда жоқарырақ болған жаңа басқышқа көтериледи. Бул егер оқыўшы жаңа идея ҳәм информацияларды өз сөзи менен аңлата алса ғанапайда болады. Бул басқышта оқыўшылар ортасында еки тәреплеме ҳәм көп тәреплеме пикир алмасыў болыўы керек. Пикирлеў басқышында гүриңлесиў ҳәм рефлекция жүритилсе, көп тәреплеме пикирлеў пайда болады. Оқытыўшы өз сораўлары арқалы оқыўшылардың билиў искерлигин басқарып барады. Сораўларды дурыс қоя алыў оқытыўшының педагогикалық шеберлигине байланыслы. Оқытыўшылардың келисимли ойлаўын өстириўге мөлшерленген сораўлар үлгисин келтиремиз:

**Шақырық** басқышында:

«Үйренилип атырған темаға тийкар болатуғын мағлыўматларды билесизбе?»

«Оларды билиў не ушын зәрүр?»

«Нени анықламақшы едиңиз, лекин анықлай алмадыңыз?»

«Бул не ушын зәрүр?»

**Аңлаў** басқышында

«Бул материалдан қандай жаңалықлар билип алдыңыз?»

«Сиз бул ҳаққында қандай пикирдесиз?»

«Буның әҳмийети неде?»

«Сизге не күшли тәсир етти?»

«Билим алғаныңыз сизиң тәжирийбеңизге сәйкес пе?»

«Бул жақсы ма, ямаса жаман ба?»

«Машқаланы пүтин көринисте қандай көз-алдыңызға келтиресиз?»

«Ўақыяның кейинги раўажланыўы ҳаққында қандай пикирдесиз?»

**Пикирлеў** басқышында:

«Бул ҳаққында қандай пикирдемен?»

«Бул информация сиздеги билимлерге қаншалық туўры келеди?»

Талаба оқытыўшы менен биргеликте ис көрсетип, билимлерди өзлестириў менен бирге, оны өзиниң унамлы ашылыўы сыпатында сезеди. Бунда оқыў ислери жеке утыс сыпатында сезиледи, билиў мотивациясы өседи, оқыўға қызығыў келип шығады.

### 3. Ойлаўды өсириў

Ойлаў сөз бенен тығыз байланыслы. Психологияда аўызеки, жазба, ишки, сыртқы, актив ҳәм пассив сөз түрлери барлығы көрсетиледи. Инсанда сөздиң барлық түрлери раўажланған болыўы керек.

Аўызеки сөзден талаба, оқылған материал бойынша пикир баян етиўде пайдаланады. Усы күнге шекем тәлим барысында аўызеки сөйлеўдиң раўажланыўына көбирек итибар берилген. Жазба сөйлеўдиң қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына кем итибар берилген. Классик тәлим усылында жазба сөйлеўди қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға жетерли итибар берилген.

Жазба сөз адам турмысында кейинирек қәлиплеседи. Айырықша итибар берип шуғыллландырылмаса, ол жетерли раўажланбай қалыўы мүмкин.

Жазба сөз талабаның пикирлеўин раўажландырыўда әҳмийетли орын тутады. Жазба сөз пикирди кең ҳәм терең ойлап баян етиўди, оны аңлатыўды, баян етилип атырған пикир бойынша ойлаўды талап етеди.

Жазба сөз талабаларда төмендеги сыпатларды қәлиплестиреди ҳәм өсиреди:

1. Жазба сөз талабада өзиниң жеке көз қарасын қәлиплестириўге, өз пикир ҳәм тәжирийбесин қәдирлеўге үйретеди.

2. Жазба сөз талабаны машқаланы тереңирек түсиниўге мәжбүр етеди: талаба белгили бир пикирди жазба түрде аңлатқаннан соң, оны анализ етеди. Жаңа пикирлер туўылады. Жазба сөз критикалық ойлаўды өстиреди.

3. Жазба сөз талабаның қызығыўшылығын өсиреди, гүзетиўшеңлигин қәлиплестиреди.

4. Жазба сөз тийкарында пикир баян етилгенде талаба өз курсласларының билдиретуғын пикирин ойлап ис тутады. Жазба жумыста ғамқорлық жүзеге келеди.

5. Жазба сөз талабадағы көнликпелердиң раўажланыўына унамлы тәсир етеди. Талаба жазба исти оқығанда ҳәр бир сөз, түсиник ҳәм атамаларға итибар бериў имканиятына ийе болады. Тәлим барысында жазба сөздиң раўажланыўына айырықша итибар бериў педагогикалық технологияның тийкарғы талабы болып есапланады.

Педагогикалық технология тийкарында сабақ өтиўде тәлимниң барлық басқышында (шақырық, аңлаў, пикирлеў) жазба жумыслардан пайдаланыў зәрүр. Критикалық пикирлеўди раўажландырыўға тийисли мақала ҳәм китапларда жазба сөз түрлерине үлкен итибар берилген.

Педагогикалық технологияда оқылған текст ҳаққында жазба пикир билдириў кең пайдаланылады. Себеби бул оқыўшыны терең ҳәм ҳәр тәреплеме ойлаўға мәжбүр етеди. Жазба пикир билдириў оқытыўшының тексериўин мақсет етип қоймаўы, талабаның оқылған текстке қарата жеке түсинигин аңлатыўға қаратылыўы керек. Бунда текст мазмунын қайтадан айтып бермей, оған өз қатнасығын билдириў, жеке билим ҳәм тәжирийбе тийкарында оқылған текстти талқылаў, тексттеги тийкарғы идея ҳаққында

пикир билдириў әҳмийетли. Сондай етилгенде келисим келип шығыўы пикирлер айдынластырылыўы мүмкин.

Ҳәр қандай жазба жумыста тема бойынша мағлыўмат топлаў, оларды үйрениў ҳәм оны баян етиў ҳаққында ойлаў зәүрүр. Соң жазылатуғын жумыстың дәслепки, (қол жазба, черновой) нусқасы жазылады ҳәм ол қайта оқып туўрыланады.

Жазба жумысларды жазыўға үйретиў басланғыш класслардан басланып, тәлимниң барлық басқышларында даўам еттирилиўи пайдалы болады. Бунда сүўретке қарап гүрриң дүзиўден баслап курс ҳәм диплом жумысы ҳәм диссертацияға барып жетиўи мүмкин. Жуўмақ соны көрсетеди жазба сөз критикалық пикирлеўге үйретиўде әҳмийетли қурал болып есапланады.

Көринип турғанындай, билим бериў барысында ески ҳәм технологиялық жақынласыўлардың салыстырмалы анализи ҳәзирги күн талабаға технологиялық жақынласыў сәйкес екенлигин көрсетеди. Себеби тәлимге технологиялық жақынласыў талабаларды пикирлеўге, өз бетинше билим алыўға, оқытыўшы менен биргеликте ислеў, жеделлик көрсетиўге шақырады.

Өз-ара актив қатнас барысында критикалық пикирлеў, сабақ барысын жанлы гүриңлер ҳәм бәсекелер менен өткериў педагогикалық технологияның тийкарғы талабы. Бунда бир қатар жумыс усыллары бар, олар топар талабаларының актив ислеўине мөлшерленген.

Терең ҳәм ҳәр тәреплеме билим ийелемеген, өз бетинше билим алыўға әдетленбеген, билимниң турмыстағы әҳмийетин түсинбеген талаба ғәресиз Өзбекстан республикасы талап етип атырған қәнийге болып жетисе алмайды.

## 4. Интерактив усыллар

Тәлим процесинде талаба пикирлеўге үйренсе ғана оның ийелеген пикирлери беккем болады ҳәм әмелде қоллаў имканияты жүзеге келеди.

Педагогик технологияда талабаның критикалық ойлаў жүргизиўи тийкарғы мақсет есапланады. Улыўма сана-сезим процесиниң, атап айтқанда критикалық сана-сезимниң раўажланыўы ҳәзирги күнде талап етилмекте. Пикир жүригизиў мәлим бир машқалалы жағдайда жүзеге келеди. Машқаланы шешиў ўақтында бас мийде терең анализ, синтез, салыстырыў, улыўмаластырыў, абстракция, қарар ҳәм жуўмақ шығарыў пайда болады.

Критикалык көз-қарас ҳәр бир жағдайдың әҳмийетин түсинип алып пайда етиўде сәўлеленеди. Жаңа педагогик технологияда сабақтың барлық бөлимлеринде арнаўлы усыллардан пайдаланып критикалык көз-қарасты өсириў, тәлим процесинде талабалардың жедел ислеўи тийкарында билим өзлестирип алыныўы, талабалардың қызығып ислеўи, шаршамаслығы, өз имканиятларынан толық пайдаланыўы талап етиледи. Талаба еркин өз бетинше ислесе билимди пухта ийелейди. Талабада илимий излениў, өз үстинде дөретиўшилик жумыс ислеў сезими қәлиплесип барады.

Критикалык ойлаўды жүргизиўдиң айырым интерактив усылларын көрип шығамыз:

## Ақыл ҳүжими

«Ақыл ҳүжими» социаллық турмыста, ислеп шығарыўда қолланылатуғын ис усылы есапланады. Оннан тәлим процесинде кең пайдаланыў мүмкин. «Ақыл ҳүжими» усылынан «шақырыў» басқышында, аңлаў ҳәм пикирлеў басқышларында ҳәм пайдаланады. «Ақыл ҳүжими»де талқылаў ушын бир машқалалы жағдай, жаңа түсиник, жаңа үйренилип атырған тема алынады. Таңланған саланы айдынластырыў ушын қатнасыўшылардың барлығы өз пикирин, усынысын баян етеди. Барлық айтылған информация итибарға алынып, кейин ең мақул деп табылғаны таңлап алынады.

«Ақыл ҳүжим»ин өткизгенде топардың барлық қатнасыўшысы белсенди қатнасыўы керек. Ҳеш қандай пикир шекленбейди ҳәм критикаланбайды. Надурыс билдирилген пикир үстинен күлиў ямаса критикалаў мүмкин емес.

«Ақыл ҳүжим»и топардың барлық ағзаларын, әсиресе, пассив, тартыншақ ағзаларын жеделлестириўи (активлестириўи) менен пайдалы.

«Ақыл ҳүжим»ин шөлкемлестиргенде мәлим бир нормаға бойсыныў керек. Жүдә көп қоллаў оның баҳасына зыян келтиреди. Темаға тийисли түсиниклерди баянлағанда, теманы жуўмақлағанда пайдаланыў мүмкин. «Ақыл ҳүжим»ин өткизгенде мәлим бир машқала яки түсиник топарға мәлим етиледи ҳәм оған тийисли ой-пикир ҳәм усынысларды, билимлерин баян етиў усыныс етиледи. Бир адам пикирлерди есапқа алып барады.

Мәселен: «Талабаның үлгили оқыўы ушын тәсир етиўши факторлар»ға таллаў жасалса: талабаның жеделлиги (активлиги), билим дәрежеси, қызығыўы, тәлимниң уйымластырылыўы, техник қуралларды қолланыўы, компьютер саўатханлығы, сабақлық ҳәм қолланбалардан пайдаланыў, тәлим процесиниң режелестирилиўи, тәлим мазмунының анық болыўы, талабаның қәрежет пенен тәмийинлениўи, тәрбиялық ислердиң жолға қойылыўы ҳәм тағы басқа пикирлер билдирилиўи мүмкин. Кең ҳәм түрли пикир баян етилиўге ерисиў пайдалы.

Барлық пикирлер есапқа алынады. Соңырақ олардың әҳмийети талқыланады. Пикирлердиң әҳмийетине қарап орнын белгилеў мүмкин.

Ҳәр бир Информатика ҳәм хабар технологиялары пәни оқытыўшысы «Ақыл ҳүжими» ушын усыныс етилген темаларды анықлаўы керек. «Ақыл ҳүжими» киши ҳәм үлкен топарларда өткерилиўи мүмкин. «Ақыл ҳүжими» топарды жеделлестиреди, сабақты жанландырады. «Ақыл ҳүжими» пайытында баян етилген пикир ҳәм усынысларды үйрениў ҳәм ең мақулын таңлап алыў зәрүр.

## Кластер

«Кластер» -сөзиниң мәниси «байлаў» сөзине туўры келеди. Кластерден сабақтын шақырық, түсиндириў ҳәм пикирлеў басқышларында пайдаланыў мүмкин. Шақырық бөлиминде талаба тема ҳаққында нени билиўи анықланса, пикирлеў бөлиминде талабаның билиминиң қанша кеңейгенлиги анықланып, талабаның мәлим бир ўақыя предмет ҳаққындағы билимлерин системаға түсириў, улыўмаластырыў ушын пайдаланады.

Кластер дүзиўде талаба еркин ҳәм ашық тәризде пикир жүргизеди. Кластер системасында доскаға ямаса үлкен қағазға талқыланатуғын сөз ямаса гәплерди жазады. Соңырақ ҳәмме сол теманы сыпатлайтуғын, ол менен байланыслы болған сөз ямаса гәплерди жазады.

«Ақыл ҳүжими»нен кластердиң өзгешелиги сонда, талқыланып атырған сөз ямаса гәпге тийисли болған сыпатламалар мәлим бағдар бойынша топарланады. Белги ҳәм сыпатлар ортасындағы қатнас анықланады. Төменде «Жеке компьютер» диң қурылмалары ҳаққында дүзиў мүмкин болған кластердиң үлгиси келтирилген.




Сораў. IBM PC компьютериниң қурылмалары

**1-қәдем**. Тахта ямаса флипчарттың ортасына дөңгелек сызылады ҳәм Жеке компьютер деп жазылады. Ақыл ҳүжими методы жәрдеминде жуўаплар шығарылып, олар тез дөңгелек әтирапына жазылады. Жуўаплар талқыланбайды. Жуўап вариантлары: процессор, монитор, научник, колонка, мағлыўматлар, клип, оператив яд, сканер, компакт диск ҳ.т.б.

**2-қәдем** Ақыл ҳүжиминен кейин жазылған сөзлер категорияларға бириктириледи. Мәселен, программалық тәмийинлениўи, аппаратлы тәмийинлениўи, мультимедиа, магнит топлағышлар ҳ.т.б.

Мысалы: Диск топлағышлар: дискета, винчестр, CD...

Тийкарғы қурылмалар: системалы блок, монитор, клавиатура, ...

Қосымша қурылмалар: принтер, сканер, модем, ...

Мультимедиа: колонка, микрофон, клип, научник,...

Кластерди оқыўшылар жеке дүзип, жуплықларда талқылаўлары, ямаса 4-5 адам биргеликте талқылаў етип дүзип ҳәм улыўма топарда талқылаўлары мүмкин.

Кластер дүзип атырғанда темаға тийисли қыялға келген барлық пикирлерди жазыў, оны ўақыт тамам болғанша даўам еттириў мүмкин. Базыда ўақытты шеклемей темаға тийисли барлық усынысларды жазыў мүмкин.

### Инсерт усылынан пайдаланып оқыў

Материалларды айырым ямаса топарлар тәрепинен оқып, талқыға таярлаўға туўры келеди. Бунда теманы үйренип атырған адам, теманың текстиндеги хабарларға өз пикирин билдирип барыўы пайдалы. Тексттеги хабар әҳмийетли болса, оны арнаўлы белги «✓» менен, алдын таныс болған материаллар ушырасса «+» менен, түсиникте қыйыншылық ушыраса «?» менен ҳәм материаллар мазмунындағы хабар оқыўшыға жақпаса яки қарсы болса «–» белгилерин қойыў мүмкин. Бундай оқыўда материал үстинде оқыўшының жедел ислегени көринеди.

### Биргеликте оқыў

Оқыў киши топарларда алып барылғанда нәтийжели болыўы кейинги ўақытларда көпшилик тәрепинен тән алынбақта. Киши топарларда ислеўди шөлкемлестириўдиң түрли коринислери бар.

Оқытыўшы материалларды үйрениўди жуплықларда шөлкемлестириўи мүмкин. Бунда материал еки тәрептенде үйрениледи, талқыланады ҳәм нәтийжеси баян етиледи.

Бундай ислерди киши топарларда шөлкемлестириў мүмкин. Топарларда 4-7 адамлық киши топарлар шөлкемлестириледи ҳәм баян етиледи ҳәм ҳәр бир топарға мәлим тапсырма бериледи. Тапсырманы биргеликте топардағылар үйренип талқылайды. Соңырақ нәтийжени топардың бир ағзасы улыўма топарға жеткизеди. Топардағылар оның мағлыўматын толтырады, қосымша қылыўы, түсиник бериўи мүмкин.

Киши топарлар менен айырым темаларды үйренгенде ямаса бир теманың түрли бөлимлерин үйренгенде де пайдаланылады.

### Зигзак методы (Ажурная пила)

Талабалар менен үйренилетуғын материал 3-4 бөлимге ажыратылады. Ҳәр бир бөлим топар тәрепинен алдын-ала бөлек үйрениледи ҳәм кейин биргеликте талқыланады. Бул исти төмендеги тәртипте өткизиў мүмкин. Топардағы талабалар алдын-ала 1, 2, 3, 4 деп санап, кейин барлық бир, еки, үш ҳәм төрт санлы талабалардан жаңа топар дүзиледи. Материалдың I бөлеги «бир» деп саналатуғын талабаларға, II бөлеги «еки» деп саналған талабаларға,  III бөлеги «үш» деп саналғанларға ҳәм IV бөлеги «төрт» деп саналғанларға тапсырылады. Барлық талабалар өз бөлеклерин жоқарыда баян етилген усыллардан пайдаланып билип алады. Соңырақ талабалар өзлериниң алдыңғы орынларына қайтады. Нәтийжеде бир стол әтирапында материалдың барлық бөлимлерин үйренген талабалар жыйналады ҳәм олар өз-ара материалды қандай өзлестиргенлигин улыўма топар алдында көрсетип береди.

Буннан Информатика ҳәм хабар технологиялары пәнинде кең пайдаланыў мумкин.

## Тәлим процесинде оқытыўшының сораўлары

Тәлим процесинде оқытыўшының сораўлары талабалардың билиў қәбилийетин басқарыўдың күшли қуралы болып есапланады. Оқытыўшының педагогикалық уқыплылығы жоқары дәрежеде болса, сораўлардан сабақтың шақырық, аңлаў ҳәм пикирлеў басқышында кең қоллаў мүмкин. Сораўлар тек еслеў, ядлаў қәбилийетине қаратылған болып қалмастан, ойлаўға, әсиресе, критикалык көз-қарас жүргизиўге, пикирлеўге қаратылыўы тийис.

## Гүрриңлесиў өткизиў

Сабақ даўамында тоқтаўсыз оқытыўшының сөйлегенин ямаса айырым оқыўшылар пикир алмасыў усылын гүрриңлесиўден парықлай алыўы керек. Гүрриңлесиў тек оқытыўшы ҳәм оқыўшылар ортасында қатнас көринисинде өтсе нәтийжеси кем болады. Себеби, оқыўшылар ортасында тартысыў келип шықпайды, излениў кем болады. Пикир алмасыў оқыўшылар ортасында пайда болса, оны оқытыўшы түрли көрсетпе, сораў, ескертиў ҳәм басқа усыллар менен басқарып турса гүрриңлесиўдиң пайдасы көп болады.

Жоқары излениўшилик дәрежесинде, өз-ара бирге ислесиў менен өткизилген гүрриңлесиў схемасы төменде келтирилген.




Дж. Т. Диллон тәрепинен гүрриңлесиўге басшылық қылыўға қолланатуғын тапсырма баян етилген.

**1. Тастыйықлаў**. Гүрриңлесиўди басқарыўшы адам мәлим машқаланы тастыйықлаўшы яки бийкар етиўши идеяны ортаға таслайды. Тастыйықлаўшы пикирди бирқанша жумсағырақ, босырақ, баян етип, гүрриңлесиўге тартады. Гүрриңлесиў ўақтында «Сиз соны тастыйықлайсыз ғой,... ... ... », ямаса «Сиз__________ деп айттыңыз, бирақ Полат ... ... ... деб пикириңизге қосылмай атыр» уқсаған көрсетпелер берип барады. Көринип турғанындай, оқытыўшы гүрриңлесиў процесин дыққат пенен гүзетеди ҳәм басқарады. Талабалар пикиринен гүрриңлесиўди қыздырыў ушын пайдаланылады.

**2. Сораўлар.** Талабалар оқытыўшы сораўларына қарап өз курсласларының сораўын үлкен көтериңкилик ҳәм жеделлик пенен талқылаўға бейимлеседи.

**3. Белгилер**. Гүрриңлесиў процесинде кандайда бир пикирди айтып, билдирилип атырған пикирди бууып тасламай, даўыс шығармастан, түрли ымлаў-белги менен гүрриңлесиўди басқарыў керек. Оқытыўшы көзлерин үлкен ашып, сөйлеўшини көрсетип тыңлаўға белги бериўи, пикирди соңына шекем еситиўин ымлап көрсетиўи ҳәм басқалар.

**4. Тыныш турыў.** Сораў ортаға тасланғаннан соң мәлим бир ўакыт тыныш турып, пикирлеў ушын ўақыт бериў керек.

Гүриңлесиў ўақытында оқытыўшы төмендеги сораўларды талабаларға бериўи мүмкин:

- Айтқан гәпиңизге мысал келтирсеңиз.
- Не ушын? Сондайма?
- Айтқаныңыз Дилбардың гәпине қарама-қарсы емеспе?
- Сиз ҳәмминиң пикирине қосыла аласыз ба?

Тийкарғы мақсет пикир жүритилип атырған мәселе бойынша талабалардың пикирлеўин қуўатлаў, пикирлеўге туўры бағдар бериў.

Пикирлесиў қатнасыўшылары төмендегилерге итибар бериўлери керек:

1. Пикирлесиўде жеке қатнасықлар көрсетилмеген машқаланы шешиў керек.
2. Узақ сөйлей бермей, басқалардың сөйлеўине жол бериў керек.
3. Ҳәр бир сөзди ойлап, талқылап, туйғыны басқарып, сөйлеў ҳәм гәпти мақсетке анық жеткизиўге ерисиў керек.
4. Автордың айтажағын түсиниўге урынып, оған ҳүрмет пенен қараў.
5. Айтылғанларды бузбай, қарсылық көрсетпей, әдиллик пенен қарсы пикир билдир.
6. Көп сөйлеп жиберме.
7. Жақсы билмеген тараў бойынша пикир айтыўға урынба.
8. Тек ғана гүрриңлесиўге байланыслы пикирди айт, өз билимиң менен мақтанба.
9. Бир адамға жақсы көриниў ямаса бир адамды кемситип сөйлеме.

## Тереңлестирилген лекция

Тереңлестирилген лекция бир неше бөлимди өз ишине алады.

**Таярлық басқышы** (Шақырық). Лекцияның дәслепки бөлиминде сораў ямаса тапсырма берилип, тыңлаўшылардың дыққаты жаңа үйренилетуғын лекцияға тартылады. Тыңлаўшылар бираз ўақыт өткен соң (5 минут) өзлериндеги бар билимлерин жазады ҳәм жуплықларда пикирлеседи. Соң ҳәр бир жуплықтың 2-3 мағлыўматы тыңланып, улыўмаластырылады. Баян етилген пикирлердин дизимин дүзип қойылыўы да мүмкин. Бул кейин жаңа үйренилетуғын мағлыўматлар менен байланыстырыўға керек болады. **Лекцияның биринши бөлимин баян етиў** (түсиниў). Шақырық басқышында талабалардың тема ҳаққындағы билимине тийкарланып жаңа билим бериледи. Лекция 15-20 минут даўам етеди. Тексериўшилердиң анықлаўынша, 15-20 минуттан кейин тыңлаўшылардың дыққаты кескин пәсейеди ҳәм шалғый баслайды. Демек жумыс түрин өзгертиў талап етиледи. Оқылған бөлимниң **дәслепки**

**нәтийжеси тамамланады** (Пикирлеў). Оқытыўшы лекцияның айтып өтилген бөлиминдеги мағлыўматлар, талабалардың дәслепки мағлыўматына қаншелли сәйкес келгенин, қандай жаңа мағлыўматқа ийе болғанын қысқа пикирлеседи.

**Тәкирар таярлаў** (Шақырық). Оқытыўшы арнаўлы тапсырма ямаса қысқаша түсиник берип, талабалардың дыққатын жаңа информацияға тартады. Талабаларда лекцияны тыңлаў мақсети пайда болады.

**Лекция шақырық ҳәм пикирлеў** методларын есапқа алған жағдайда даўам еттириледи. Материалдың белгили бир бөлими **инсерт** усылын қолланып оқыўғада берилиўи мүмкин. Лекцияда тарқатпа материал, техникалық қураллар, арнаўлы жазыў усылы, жазыў тахтасынан пайдаланыў мүмкин. Лекцияның көлемин, қурамалы дәрежесин есапқа алып, тоқтаў ҳәм пикирлеў бир неше болыўы мүмкин.

**Жуўмақлаўшы тапсырма** (Пикирлеў). Оқытыўшы сабақ соңында талабалар пикирин, үйренилген материалға көз-қарасын сораўы, сораўлар бериўи, қысқаша баҳалаў жумысын алыўы, тесттен пайдаланыўы мүмкин. Сабақ соңында:

- баҳалаў жумысының нәтийжесин айтыўы;
- жуплықларда баҳалаў жумысын ортаға салыўы;
- жуплықларда лекцияның тийкарғы түсиниклерин талқылаўы мүмкин.

Демек лекция соңында ерисилген нәтийже әлбетте тексерилиўи керек. «Баҳалаў жумысы» ҳәр бир сабақтың соңында талабаларға жаздырылған пикирнама болып есапланады. Талаба бул баҳалаў жумысында лекциядан нени үйренеди, шынығыўларға көз-қарасы, усы теманы тереӊ үйрениў ушын не ислеў керек ҳәм басқалар ҳаққында да пикир жазады. Оқытыўшы «Баҳалаў жумысы» жазыўды әдетке айландырса, талаба сабақ ўақытында бос отырмайды.

## Оқыў материалларының машқалаларын үйрениў

Тәлим процессинде талабалар пикирлесиўин активлестириў усылларынан бири лекция ўақытында машқалаларды баян етиў саналады. Оқытыўшы темаға тийисли сораў қояды. Сораўға талабалар жуўап берсе, ол оқытыўшы тәрепинен толықтырылады, баян етилген пикирлер менен байланыстырылады. Егер жуўап берилмесе, оқытыўшының түсиндириўге қызығыўшылығы күшейеди. Машқалалар, сораў, текст, сызылма, сүўрет көринисинде де қойылыўы мүмкин.

## Еркин жазыў

Оқытыўшы теманы баян еткеннен соң “Еркин жазыў„ менен шуғылланыў усынылады. Оқыўшылар ажыратылған ўақыт ишинде тема бойынша өз пикир ҳәм жуўмақларын жазыў менен бәнт болады. Кейин нәтийжени жуплықларда талқылаў, оны бәлент даўыс пенен топарда талқылаў ҳәм мүмкин.

Атап айтқанда, талабаларға “Жаңа информацион технологиялар әҳимийети„ темасы өтилгенде, усы темаға тийисли өз билимлерин, алдын оқыған китапларын, қандай машқаланы талабалардың алдын талқылағанлығын жазыў айтылады. Нәтийжеде талқыланып, кеңейтириледи. Зәрүр болған жаңа материал талабаға жеткизиледи.

## Авторға сораўлар

Китаптағы темаларды оқыўда айырым анық емес, түсиниў қыйын болған бөлимлер ушырасыўы мүмкин. Бунда қызығыўшылық арттырыў ушын “автор сораўлар„ усылынан пайдаланыў мүмкин. Себеби, өз-ара пикирлесиў ўақытында талабалар айырым анық емес терминлерди түсиниў ушын сораўлар береди. Буны тексти оқып атырғанда да өткизиў мүмкин. Төмендегише сораўлар көплиги болыўы мумкин:

1. Автор текстте қандай идеяны илгери сүрген?
2. Усы пикирди сиз басқаша қандай аңлатқан болар единңиз?
3. Автор өз пикирин не мақсетте баян еткен?
4. Оқығанымызды түсиниў ушын алдын нелерди билиўимиз керек еди?

## Билемен, билиўди қәлеймен, билип алдым (БББ)

Ҳәр қандай теманы өтиўден алдын дәптер бетин тең үш бағанаға бөлемиз. Биринши бағана жоқарысына “Билемен„, екинши бағанасына “Билиўди қәлеймен„ ҳәм үшинши бағанаға “Билип алдым„ деп жазып қойылады.

| Биз тема бойынша нелерди билемиз | Биз және нелерди билиўди қәлеймиз | Биз сабақта нелерди билип алдық |
|---|---|---|
| Компьютер | **Мультимедиа** | Мультимедиа |
| Монитор | **Сканер** | Сканер |
| клавиатура | **Факс-модем** | Факс-модем |
| системалы блок | **дисклер** | дисклер |

Талаба биринши үстинде үйренилип атырған тема бойынша өзи билетуғын информацияны жазады. Ол талқын етилгеннен соң топар болып екинши бағана толтырылады. Оған талабалар билиўи керек болған машқалалар жазылады. Егер талабалар қыйналса, оқытыўшы көмеклеседи.

Таза тема оқытыўшы тәрепинен өтиледи. Бунда тема қысқаша түсиндирилип, материалды өз бетинше оқыўға бериледи, сүрилген лекция ямаса таза тема тәжирийбе көринисте өтилиўи, тәжирийбе көрсетилип түсиндирилиўи мүмкин. Таза тема үйренилген соң үшинши бағана толтырылады, бунда екинши бағанадағы түсиниклер үшиншиге көшириледи. Нәтийже топарда талқыланады.

## Биргеликте оқыў

Узақ ўақыт оқытыўшы оқыўшыны жеке тәртипте оқытыўы пайдалы болады деген идея бар. Кейинги ўақытлары кишкене топарларда оқытыў ямаса “талаба талабаны оқытыў„ да пайдалы екенлиги көзге тасланбақта. Биргеликте оқытыўда материалды пухта өзлестирген талаба өз курсласына үйретеди. Бунда бос талабадағы тартыншақлық жоғалады. Билим өзлестриўдеги бос талабаның қыйыншылығы биргеликтеги ҳәрекети арқалы сапластырылады. Зәрүр болғанда оқытыўшының жәрдеми соралады.

Биргеликте оқыў процессинде күшли талаба да, бос талаба да билим өзлестириўде пайда көреди.

### Оқылған материал бойынша пикир билдириў

Берилген текстти оқыў ҳәм пикир билдириў критикалық талқылаў тийкары есапланады. Текстти әпиўайы оқыў менен шекленбей, гүриңлесип оқыўға үйрениў керек. Ҳәзирги тәлимде гүрриң етип оқыўға үйренбеў тийкарғы кемшилик болып есапланады.

Талаба оқып шыққан материал мазмунын сөйлеп бериў менен шекленсе, материалды түсинген деп болмайды. Материалды түсиниў дегенде текстте баян етилген идеяны түсиниў-сезиў, оны өзинде бар болған алдынғы билимлер қатарына киргизиў, жүзеге келген шалғыў, түсинбеўшилик ямаса қарама-қарсылықларды сапластырыў, жаңа идея ямаса мағлыўматты турмысқа енгизе алыўы тийис.

Ойлап оқыўдың ең керекли қуралы оқылған материал бойынша жазба пикир баян етиў есапланады.

Ойлап оқыў көнликпесин раўажландырыў ушын оқытыўшы төмендеги сораўларды талабаға бериўи керек:

1. Тексттиң қайсы жерлерин түсинбедиңиз?
2. Қайсы түсиниклер ямаса сөзлер текст мазмунын толық қамтып алыўы мүмкин?
3. Текст оқылған соң сизде қандай жаңа пикир ямаса сораў туўылды?
4. Текст авторына қандай сораў берген болар едиңиз?

## 5. Информатика пәнин оқытыўда интерактив усыллардан пайдаланыў

Жасларды талапшаң, зийрек, ақыллы, исбилермен етип тәрбиялаўымызда мүмкин болғаныша өтип атырған сабақларымызды қызықлы ҳәм бир қәлипке кирмейтуғын түрли ўсыллардан пайдаланыў ҳәм соның ушын оқытыў пәнлериниң тийкарғы таяныш түсиниклерди жарытыўшы таблицалар, схемалардан пайдаланыўды талап етиўди, түсиниўде қыйыншылық туўдыратуғын темаларды, сыпатлаў қыйын болған процесс ҳәм ҳәдиселерди, көз арқалы көрип болмайтуғын процесслерди көрсетиўши, үйретиўши, көргизбели, билимди бақлаўшы, сынаўшы ҳәм баллаўшы инстументал педагогикалық программалардан пайдаланыў оқыў процессинде жеделестирилди.

Алдыннан оқытыўшы тәрепинен теманың тийкарғы мазмуны лекция, шынығыўлар, қосымша ҳәм тест сораўлары, керекли таблицалар, схемалар таярлап қойылады.

ЖОБА
1 Ҳәрекеттеги ойын – 3 мин
2 Алгоритм түсинигин өзлестириўге мысал – 5 мин
3 Теманың мазмунын өзлестириў – 15 мин
4 Теманың мазмунын беккемлеў – 17 мин
5 Жуўмақлаў – 5 мин.

Тәжирийбе жәрдеминде оқытыў цикли ( Д.Колб бойынша ):
АНЫҚ ТӘЖИРИЙБЕ (АТ) – бул оқытыўшының жеке тәжирийбеси болып оны оқытыўда пайдаланыўы керек.
РЕФЛЕКТИВ БАҚЛАЎ (РБ) – берилген шынығыўларды критикалық бақлаў ҳәм олар үстинде пикир жүритиў ушын қолайлылық жаратыў.
АБСТРАКТ КОНЦЕПТУАЛЛАЎ (АК) – зәрүрий теориялық билимлерди бериў. Қатнасыўшыларға жуўмақ ҳәм улыўмаластырыў ушын қолайлықлар жаратыў.
АКТИВ ЭКСПЕРИМЕНТ АЛЫП БАРЫЎ (АЭ) – қатнасыўшыларға бир системаға келтирилген, тексериў мүмкиншилиги болатуғын шынығыўларды ислеп шығыў имканиятын жаратыў.

## ОҚЫТЫЎ УСЫЛЛАРЫНЫҢ ТОПАРЛАРЫ

Оқытыў усыллары болған анық тәжирийбе, рефлектив бақлаў, абстракт концептуаллаў ҳәм актив эксперимент алып барыўға берилген сыпатламалар мыңлап тест ҳәм социологиялық изертлеўлерге тийкарланған. Бул оқытыў усыллары айырым пиркирлерге сәйкес келиўи мүмкин, бирақ оқыўшыларды толық сыпатлаўға тийкар бола алмайды. Ҳәр бир усылдың жетискенлигин ҳәм кемшиликлерин көрип шығамыз.

АНЫҚ ТӘЖИРИЙБЕ (АТ). АТ тийкарындағы жоқары тәжирийбелер оқыўда тәжирийбеге тийкарланыўшы тәсиршең оқыўшыларға тийисли. Бундай оқыўшылар жүритетуғын пикирлер ең алды менен ишки сезимге тийкарланған болады. Әдетте, бундай жоқары АТ лы оқыўшылар кеўилшек ҳәм оқыўшыларға бағдарланған болады. Олар көп жағдайларда теорияны арзымайтуғын нәрсе деп биледи ҳәм ҳәр бир жағдайды жеке жағдай сыпатында талқылаўды жақсы көреди. Жоқары АТ ли адамлар өзлериниң оқыўға умтылыўларында авторитетли адамлардан көре басқа қатынасыўшыларды нәзерде тутады ҳәм көбирек басқа жоқары АТ ли оқыўшылар менен өз-ара байланысыўға ҳәм дөретиўшилик дискуссияға кирисиўге қызығады.

### АНЫҚ ТӘЖИРИЙБЕ ге исенетуғын оқыўшылар

Жақтырады
- пикир ҳәм тәжирийбе менен сәўбетлесиў
- өз ҳәрекетине жуўап табыў
- оқыўшылардың өз-ара ҳүрметин

- басқа адамлар жуўабын
- ийелеген билим көнликпелерди анық машқалаларда қоллаў
- биргеликте ҳәм өзинше ойлаў

Жақтырмайды
- теориялық лекциялар
- оқыў

АБСТРАКТ КОНЦЕПТУАЛЛАЎ(АК) тийкарындағы жоқары нәтийже оқыўға логикалық ой ҳәм рационал баҳалаўға таяныўшы аналитик умтылыўды сыпатлайды. Жоқары интеллектуал адамлар әдетте басқа оқыўшыларға салыстырғанда нәрселер ҳәм рәмизлерди нәзерде тутады. Олар базы жағдайларда авторитетлерге әмел қылып, теориялы ҳәм системалы талқылаўға тийкарланып жақсы оқыйды. Оқытыўдың структураласпаған усыллары, жаңа билимлерди ойлап табыўға бағдарланған шынығыў ҳәм симуляциялар жоқары АК лы оқыўшыларға онша туўры келмейди ҳәм ҳәтте олардың оқыўларын қыйынластырады.

АБСТРАКТ КОНЦЕПТУАЛЛАЎ ға исенетуғын оқыўшылар

Жақтырады
- индивидуал ҳәдийселерди пайдаланыў тийкарында теориялар жаратыўды
- теориялық пикир жүритиўди
- диаграмма, таблицаларды
- жақсы системаластырылған шынығыўларды

Жақтырмайды
- группалардағы шынығыўларды
- симуляциялар
- биргеликте ҳәм өз пикир ойлары менен ортақласыўды.

АКТИВ ЭКСПЕРИМЕНТ алып барыў (АЭ) тийкарындағы жоқары нәтийже оқытыўдағы жоқары дәрежеде эксперимент алып барыўға тийкарланатуғын актив ‘’әмелий’’ жөнелтирилгенликти сыпатлайды. Жоқары АЭ лы оқыўшылар жойбарлар дүзиўде, үй тапсырмаларында ямаса киши группалардағы жумысларға қатынасқанларда жақсы оқыйды. Әдетте булардың қызығыўлары сыртқы дүньяға жөнелтирилген экстравертив формадағы оқыўшылар болып есапланады.

АКТИВ ЭКСПЕРИМЕНТ АЛЫП БАРЫЎ ға исенетуғын оқыўшылар

Жақтырады
- киши группалардағы сәўбетлерди
- жойбарларды
- басқа адамлар жуўапларын
- шынығыўлардан соң орынланатуғын тапсырмаларды
- әмелий машқалаларды
- көнликпелерди ислеп шығыўды

Жақтырмайды
- лекцияларды
- жумысты баҳалаўды (жақсы, жаман)
- көриўди

РЕФЛЕКТИВ БАҲАЛАЎ (РБ) тийкарындағы жоқары нәтийже оқытыўға рефлектив пассив ҳәм шәртли кирисиўди анықлайды. Жоқары РБ лы оқыўшылар итибар берип гүзетиў тийкарында өзлериниң жеке пикирлерин уйымластырады (топлайды,қыйнайды, пайда етеди ) ҳәм оқытыўдың оларға күзетиўши ретинде қалыў мүмкиншилигин беретуғын лекциялар сыпатындағы көринислерин (формаларын) жақсы көреди. Әдетте бундай оқыўшылар ишки дуньяға қаратылған интроверт оқыўшылар есапланады.

РЕФЛЕКТИВ БАҚЛАЎ ға исенетуғын оқыўшылар

Жақтырады

- эксперт талқылаўын ҳәм киши сәўбетлесиўлерди
- объектив дәлиллер бойынша идеялар ҳәм пикирлерди баҳалаўды
- пикир жүргизиў ушын ўақытты

Жақтырмайды

- тапсырмаларды орынлаўға берилген шынығыўларды
- өз кәсибине байланыслы шынығыўларды
- ролларды орынлаўды (симуляция)
- оларды басқа қатынасыўшылардың баҳалаўын

Сабақ басланыўдан алдын оқыўшы парталарды А,Б,В,Г,Д,Е ҳәриплер менен белгилеп қояды ҳәм онша үлкен болмаған қағазға А1, А2, А3, А4, А5, А6, Б1, Б2,….,Б6,…,Е6 жазып оқыўшыларға тарқатып шығады. Оқытыўшы қағазға жазылған ҳәриплер бойынша оқыўшылардың парталарға отырыў кереклигин айтады. Сабақ өтиўдиң кейинги фазасында столлар 1,2,3,4,5,6 цифрлары менен белгиленеди ҳәм оқыўшылар қағазға жазылған цифрлар бойынша столларға отырады. Оқыўшылар столларға орналасқаннан соң, оқыўшы сабақта өтилетуғын тема менен таныстырылады. Бул теманы өзлестириў ушын 15 минут ўақыт ажратылғанын түсиндиреди. Оқыўшылар теманың мазмуны менен танысып, оны талқыллайды ҳәм тийисли шешимлерди қабыл етеди.

Оқытыўшы теманың мазмунын, оқыўшылардың дурыс талқылаўының барысын бақлап турады. Егерде оқыўшыларға жәрдем керек болса,өз ўақтында қосымша көрсетпелер береди.

Талқылаўға ажратылған ўақыт таўсылғанан соң, оқытыўшы қағазға жазылған цифрлар бойынша оқыўшылардың столларға отырыўы керек екенлигин түсинтиреди ҳәм ҳәр бир столдағы оқыўшылардың қойылған теманың мазмунын өзлестириў дәрежесин анықлаў ушын 7 минут ўақыт ажыратылғанын айтады. Оқытыўшы сол темаға тийисли көргизбели таблицаларды доскаға илип қояды. Оқытыўшы теманың мазмунын үйрениўди сораўлар менен толықтырып барады. Ҳәр бир таблицада бир неше альтернатив пикир ислетиўине болады. Бул таблицалар төменде көрсетилген.

Таблица 1

| |
|---|
| Алгоритм бул:<br>- басқарыў функциясы<br>- есаплардың избе-из шешилиўи<br>- жол-жоба<br>-көрсетпе<br>- Ал Хорезмий<br>- төрт әмел<br>- избе-излик |

Таблица 2

| Алгоритмниң жазылыў усыллары: | | |
|---|---|---|
| Усыллары | Жетискенлиги | Кемшилиги |
| 1. Сөз формасы | Тәбийий тил<br>Стандартқа туўры келиўи<br>Түсиникли болыўы<br>Математикалық тил<br>Анық жазылыўы | Блок-схеманы өзгерте алмайды<br>Сөз көлеминиң көплиги<br>Көп сөзлилиги |
| 2.Аналитик формасы | Қысқалылығы<br>Анық нәтийже<br>Ҳәммеге түсиниклилиги<br>Сан мәнисин бериў | Өзгерте алыў<br>Избе-изликтиң сақланыўы<br>Дурыс пайдалана билмеў |
| 3.Блок-схема | Избе-изликтиң сақланыўы<br>Қолайлылығы<br>Заманагөйлиги<br>Мәмлекетлик стандартқа сәйкеслиги<br>Геометриялық фигуралар ды билиў | Пикирдиң стандартлығы<br>Кем сөз қолланылыўы<br>Ҳәрбир фигураның ўазыйпасын билмеў |

Таблица-3

| |
|---|
| АЛГОРИТМниң қәсийетлери<br>-дискретлилик<br>-анық нәтийже<br>-турмысқа байланыслылығы<br>-топламға келиў |

Таблица-4

| N | А | Б | В | Г |
|---|---|---|---|---|
| 1 | ....киритиў | ....шығарыў | ....алмастырыў | ....алгоритм |
| 2 | ....егер | ....онда | ....алгоритмлестириў | ....математика |
| 3 | ....модель | ....блок | ....схема | ....дискрет |
| 4 | ....объект | ....компьютер | ....программа | ....метод |
| 5 | ....улыўма | ....шеклилик | ....нәтийже | ....форма |
| 6 | ....анық | ....қайта ислеў | ....избе-из | ....тармақ |
| 7 | ....тәкирарланыў | ....болса | ....шекем | ....цикл |
| 8 | ....сызықлы | ....функция | ....басланыўы | ....тамамланыўы |
| 9 | ....принтер | ....яд | ....монитор | ....интернет |

Ҳәрбир оқыўшының “Алгоритм” темасы бойынша билим алыў усылын анықлаў ушын сол темаға байланыслы болған таяныш түсиниклер (сөзлер) 4-таблицада берилген. Таблицаның ҳәрбир қатарындағы сөзге 4,3,2, ямаса 1 балл берип ҳәрбир қатар сөзлерининң иерархиясын оқыўшылар төмендегише анықлайды:

4 балды сизиң билим алыў уқыбыңызды ең жақсы сыпатлайтуғын сөзге, 3 балды сиздиң билим алыў уқыбыңызды бираз кемирек анықлайтуғын сөзге, 2 балды онша түсинбейтуғын сөзге ҳәм 1 балды сиз оқыўшы сыпатында ең кем дәрежеде түсинетуғын сөзге қойыў керек. Ҳәр бир қатардағы сөзге түрлише балл қойылған болыўы ямаса бир қатардағы сөзлерге бирдей балл қойылмайды.

Бул жағдайда жақсы ямаса жаман жуўап жоқ. Сизиң жуўапларыңыз сиздиң оқыўға болған уқыбыңызды емес, сизиң билим алыў дәрежеңизди сыпатлаўға жәрдем береди.

Оқыўшылардың өтилген тема бойынша билим алыў дәрежесин балл системасында анықлаў ушын төмендеги таблицаны ҳәр бир оқыўшы толтырады (4-таблицаны пайдаланып);

Таблица 5

| N | А | Б | В | Г |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **4** | **3** | **1** | 2 |
| **2** | **3** | **2** | **1** | 4 |
| **3** | **2** | **1** | **4** | 3 |
| **4** | **3** | **1** | **2** | 4 |
| **5** | **2** | **1** | **3** | 4 |
| **6** | **2** | **3** | **1** | 4 |
| **7** | **3** | **1** | **4** | 2 |
| **8** | **4** | **1** | **2** | 3 |
| **9** | **4** | **2** | **1** | 3 |
| Жуўмақ | АТ=17 | РЕ=11 | АК=13 | АЭ=17 |

| AK | AT | \|AK-AT\| |
|---|---|---|
| 13 | 17 | 4 |

Демек, абстракт билимге қарағанда анық тәжирийбе оқытыўда төрт бирликке артық саналады.

| AЭ | РБ | \|AЭ-РБ\| |
|---|---|---|
| 17 | 11 | 6 |

Актив эксперимент рефлектив бақлаўға қарағанда алты бирликке артық есапланады.

Белгиленген ўақыт ишинде оқыўшылар тема менен танысып шығады.

Үйге тапсырма:

Класс тәртипке келтирилип, сабақ жуўмақланады.

Сабақ ҳаққында соны жуўмақлап айтыў керек, бул усылдан тек ғана инфоматика оқытыўшысы емес, ал барлық пән қәнигеликлери пайдалана алыўлары мүмкин.

Сондай ақ, Мәмлекетлик тәлим стандартлары қойған талаплар тийкарында жоқарыдағыдай усыллардан пайдаланып сабақлардың шөлкемлестирилиўи тәлим саласында үлкен жетискенликлерге ерисиўге тийкар болады.

## Жуўмақлаў

Оқытыў процессинде белгили билимлер системасын жеткизиў, оларды еслеп қалыў бүгинги күнде жетерли болмай қалды. Оқытыўда билимге қызықтырыў, өз бетинше билим алыўды қәлиплестириў, өз бетинше билим алыўға әдетлениў ҳәзирги күнниң ҳәм келешектиң талабы есапланады. Оқыўшы өз бетинше билим алыў көникпесине ийе болса, өз бетинше оқыўға умтылса, әлбетте ол раўажланады. Ҳәрбир оқыўшыда өз бетинше билим алыў қәлиплесиўи ҳәм өз бетинше ислеў әдет болып қалыўы керек. Интерактив усыллар сол талапты жүзеге шығарыўға қаратылған тәлим ҳәм тәрбия системасы есапланады. Педагогикалық технологияның тийкарғы талабы - оқыўшылардың тийкарлы ҳәм пухта билим алыўына, билимлерди өзлестириўде белсендилик көрсетиў , тәлимде анық тыянақлы нәтийжеге ерисиў. Усыны есапқа алып Информатика ҳәм хабар технологиялары кафедрасында оқылатуғын барлық пәнлер бойынша талабалардың өз бетинше билим алыўына, пикирлеўине, жеке ойлаўды өстириўге тийисли интерактив усыллардан пайдаланыў системасы ислеп шығылды.

## Пайдаланылған әдебиятлар


1. КаримовИ.А. Юксак малакали мутахассислар тараққиёт омили. «Ўзбекистон» нашириёти, Тошкент 1995 й.

2. Каримов И.А. Баркомол авлод Ўзбекстон тараққиётининг пойдевори. Тошкент 1998

3. Каримов И.А. Баркомол авлод арзуси. «Шарх» нашириёти. Тошкент 1999 й.

4. Янги педагогик технологиялар. (таҳлил, таҳрир, мулоҳозалар) Тошкент 2000й.

5. Олий педагогика юртларида таълимнинг замонавий усуллари. (Фаберман Б.,Л., Мусина Р.,Г., Джумабаева Ф.,А.) Тошкент 2001 й.

6. Илғор педагогик технологиялар. Тошкент 1999 й.

7. Разыков О.Основы оптимального применения системы учебных задач.Ташкент. "Ўқитувчи" 1981 г.

8. Кларин М.В. Педагогическая технология в учебном процессе. М. Знание 1989 г.

9. Фредман Л.М. Маху В.И. Проблемная организация учебного процесса.М.1990 г.

10. Толипов М. ва бошқалар, Ҳозирги замон дарснинг дидактик-услубий масалалари. Тошкент, 1998й.

11. В. Зиемухаммедов, Абдуллаева Ш. Илгор педагогик технология: Назария ва амалиет, Тошкент 2001

12. Сафарова Н.С., Ли В.В. Новая педагогическая технология (учебное пособие) Самарқанд 2003.

13 Фарберман Б.Л. Методические рекомендации по проектированию и реализации педагогических технологий. Ташкент 2002 г.

14. Фарберман Б.Л. и др. Инструменты развития критического мышления. Ташкент 2002 г.

15. Шожалилов А. ва бошқалар. Инженерлик педагогикаси ва илғор педагогик технологиялар. Услубий қулланма. Тошкент. 2004 й.

# М А З М У Н Ы

Кирисиў

1. Билим алыўда өз бетинше ислеў технологиясы ........................................ 4

2. Оқыўшыларды пикирлеўге үйретиў ....................................................... 5

3. Ойлаўды өсириў ............................................................................9

4. Интерактив усыллар........................................................................ .10

5. Информатика ҳәм информациялық технологиялары пәнин оқытыўда интерактив усыллардан пайдаланыў................................................................ 18

Жуўмақлаў ............................... ....................................................... 25

Әдебиятлар................................................................................... 25